**दिन–सोमवार** **दिनांक–13.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

एनडीए के घटक दल सभ मध्य सीटक बटवारा के बाद प्रत्याशी लोकनिक नामक शीघ्र घोषणा हेबाक संभावना अछि। एहि क्रम मे आइ एक बेर पुनः भाजपाक बिहार चुनाव प्रभारी धर्मेन्द्र प्रधान आ पार्टीक वरिष्ठ नेता नित्यानंद राय पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनिक संग पटना मे बैसक कयलनि। एहि मध्य प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे उम्मीदवार लोकनिक सूची के अंतिम स्वीकृति दऽ देल गेल अछि। ओ कहलनि जे शीघ्रहिं एनडीए के सभ घटक दल प्रत्याशी लोकनिक नामाक घोषणा कऽ देताह। पत्रकार लोकनिक एक प्रश्नक उत्तर मे श्री जायसवाल कहलनि जे हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक जीतनराम मांझी आ राष्ट्रीय लोकमोर्चा के अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा एनडीए के अभिभावक छथि आ कोनो प्रकारक हुनका लोकनिक मे नाराजगी नहि अछि। एम्हर, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतन राम मांझी कहलनि जे हुनक पार्टी एनडीए के मजगूत करबाक लेल काज करत। पटना हवाई अड्डा पर संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री मांझी कहलनि जे सीटक बटवारा के लऽकऽ कोनो प्रकारक नाराजगी नहि अछि। जदयूक वरिष्ठ नेता विजय कुमार चौधरी कहलनि जे कोन पार्टी कोन सीट पर चुनाव लड़त एकर घोषणा शीघ्रहिं कऽ देल जायत।

---

एहि मध्य महागबंधनक घटक दल सभ बीच सीट बटवारा के लऽकऽ एखन धरि गतिरोधक स्थिति बनल अछि। पटना के बाद आब दिल्ली मे सेहो घटक दल सभक मध्य लगातार बैसक भऽ रहल अछि। आइ दिल्ली मे कांग्रेसक सेंट्रल इलेक्शन कमिटि के बैसक भेल। एहि बैसक मे पार्टी अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे, पार्टीक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी आ पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम सम्मिलित भेलाह। कांग्रेसक बिहार प्रभारी कृष्णा अल्लावरू कहलनि जे सीट बटवारा के अंतिम रूप देलाक बाद सूची जारी कऽ देल जायत। ओ कहलनि जे महागठबंधनक ई प्रयास अछि जे बिहार मे एक नीक सरकार बनय। एम्हर राष्ट्रीय जनता दल के नेता आ राज्यसभा सांसद संजय यादव कहलनि जे टिकट बटवारा के लऽकऽ गतिरोध हल कऽ लेल गेल अछि।

———————————————————————————

ओम प्रकाश राजभर के नेतृत्वबला सुहेलदेव भारतीय समाज पार्टी एनडीए सँ फराक भऽकऽ बिहार विधानसभा चुनाव लड़बाक निर्णय कयलक अछि। श्री राजभर जनौलनि जे हुनक पार्टी पहिल चरणक चुनाव के लेल बावन प्रत्याशी लोकनिक नाम तय कऽ लेलक अछि। ओ कहलनि जे जँऽ एनडीए एखनहुं हुनक पार्टी के चारि या पांच सीट दैत अछि तऽ ओ अपन निर्णय के आपस लऽ लेताह।

पटनाक कुम्हरार विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपा विधायक अरूण कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे ओ एहि बेर विधानसभा चुनाव नहि लड़ताह। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री सिन्हा कहलनि जे ओ संगठन के लेल काज करैत रहताह।

———————————————————————————

मोहनिया सँ राजद विधायक आ विक्रम सँ कांग्रेसक सिद्धार्थ सिंह आइ भाजपा मे सम्मिलित भऽ गेलाह। पटना मे आयोजित मिलन समारोह मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल दुनू नेता के पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दिऔलनि। एहि अवसर पर कतेको नेता लोकनि सेहो भाजपाक सदस्यता ग्रहण कयलनि।

———————————————————————————

जदयूक नेता आ पूर्व मंत्री जय सिंह पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। ओ पार्टी मे जमीनी कार्यकर्ता आ नेता लोकनि उपेक्षा करबाक आरोप लगौलनि।

मतदाता जागरूकता अभियानक अंतर्गत पूर्वी चंपारण जिलाक घोड़ासहन प्रखंडक वसंतपुर गाम मे संध्या चौपालक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे पांच सय सँ बेसी जीविका दीदी सम्मिलित भेलीह।

वैशाली के जिलाधिकारी वर्षा सिंह आ पुलिस अधीक्षक ललित मोहन शर्मा के नेतृत्व मे विधानसभा चुनाव मे शांति व्यवस्था बनौने राखबा के लऽकऽ लालगंज आ वैशाली मे फ्लैग मार्च निकालल गेल।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनावक पहिल चरणक लेल ईवीएम आ वीवीपैट के प्रथम रैंडमाइजेशनक प्रक्रिया पूरा कऽ लेलक अछि। रैंडमाइजेशन के प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद

प्रथम चरणक सभ एक सय एकैस विधानसभा क्षेत्र मे चौबन हजार तीन सय एगारह बैलेट यूनिट, चौबन हजार तीन सय एगारह कंट्रोल यूनिट आ अंठावन हजार एक सय तेईस वीवीपैट आवंटित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

दिल्ली के राउज एवेन्यू अदालत द्वारा आईआरसीटीसी होटल भ्रष्टाचार मामिला मे राजद अध्यक्ष आ तत्कालीन रेलमंत्री लालू प्रसाद, पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी, राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सहित आन गोटे के विरूद्ध आरोप तय कऽ देल गेल अछि। भ्रष्टाचार निरोधी अदालतक विशेष न्यायाधीश विशाल गोगने ई आदेश पारित कयलनि। अदालत तीनू गोटे के विरूद्ध भ्रष्टाचार आपराधिक साजिश आ धोखाधड़ी के आरोप तय कयलक अछि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता रविशंकर प्रसाद पूर्व रेलमंत्री लालू प्रसाद, पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी आ राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव पर दिल्ली के एक अदालत द्वारा लगाओल गेल आरोप के गंभीर जनौलनि अछि।

———————————————————————————

समाप्त